

Chè paran/responsab,

Kòm ou konnen, High School pran angajman pou ankouraje elèv li yo fè pi bon kalite eksperyans aprantisaj la. Kòm yon egzanp angajman sa a, Depatman edikasyon Department of Education (DOE) kolabore avèk Equal Opportunity Schools (EOS), yon òganizasyon nasyonal pou edikasyon ki pa la pou fè pwofi, pou egzamine ak devlope yon klima aprantisaj anndan lekòl nou yo epi devlope estrateji pou ogmante patisipasyon elèv nan travay lekòl segondè wo nivo. Kolaborasyon nou avèk Lead Higher se pou sipòte ajanda Equity & Excellence Majistra deBlasio a, an patikilye avèk inisyativ *AP for All* la.

Pou sipòte objektif EOS ak inisyativ Lead Higher, n ap ankouraje tout elèv pou patisipe nan yon sondaj tou kout nenpòt lè avan fèt Thanksgiving lan. Kesyon sondaj yo ap sou opinyon elèv sou kou yo, eksperyans yo nan lekòl la, ak sou fason lekòl nou an sipòte objektif edikasyon yo. Y ap itilize rezilta yo sèlman pou idantifye elèv ki prepare pou kou ki pi wo nivo, ak pou ajoute sipò akademik pou elèv kounye a ak nan ane k ap vini yo.

N ap pataje foto elèv yo tou avèk EOS pou kreye kat Student Insight Cards. Kat Student Insight Cards bay yon apwòch plizyè mezi pou ki bay enfòmasyon enpòtan nan konvèsasyon ki ede elèv rekonèt pi gwo potansyèl yo. Kat Student Insight Cards ap bay lidè lekòl yo ak lòt pèsònèl enpòtan enfòmasyon nan efò pou aksepte elèv, pou yo ka idantifye elèv ki ta ka plis jwenn avantaj nan yon kou AP. Si w poko fin ranpli fòm DOE a sou “konsantman pou foto, film, oswa videyotep yon elèv pou itilizasyon ki p ap bay profi,” tanpri ranpli fòm ki vini avèk lèt sa a epi voye l tounen nan lekòl la.

Nou prevwa ke se sèlman avantaj ki pozitif pitit ap jwenn, epi nou kontan pou nou rasanble done k ap pèmèt nou pi byen prepare tout elèv pou reyisi nan efò y ap fè pou atenn objektif edikasyon yo ak objektif pwofesyonèl yo. Si w gen nenpòt kesyon sou sondaj la, oswa sou kolaborasyon an an jeneral, tanpri pa ezite kontakte direktè lekòl la

N ap tann pou kolabore avèk ou pou asire elèv gen opòtinite pou angaje yo nan kou akademik wo nivo ki ka ede yo nan wout yo pou kolèj.

Avèk senserite,

Equal Opportunity Schools and Office of Equity and Access